

Lig atlèt lekòl leta *Public Schools Athletic League (PSAL)*

Fòm pou paran bay konsantman pou elèv patisipe nan aktivite atlèt ant lekòl

Non Elèv : _____ **Dat Nesans :** _____

Lekòl Segondè : _____ **Klas ofisyèl :** _____

Espò : _____ **Nimewo OSIS :** _____

1. Mwen, paran/gadyen legal elèv nou site pi wo a nan lèt sa a, ap bay pèmision pou pitit mwen an antrene pou yo wè si l ka jwe pou espò nou endike a, ak pou l patisipe nan tout aktivite ekip la, jan lekòl/antrenè a deside. Mwen konprann ke pitit mwen an ap patisipe nan aktivite sa a sèlman si l vle. Sepandan, si yo chwazi l, mwen konnen ke pitit mwen an ap oblije patisipe regilyèman nan antrènman ak chanpyona atravè Vil Nouyòk. **Inisyal**_____
2. Mwen konprann ke pitit mwen an ap aksepte fè tout antrènman PSAL epi ap patisipe nan tout chanpyona. **Inisyal**_____
3. Mwen konnen ke pitit mwen an responsab pou byen konpòte l toutan, epi mwen dakò pou m pa rann lekòl la ni okenn anplwaye lekòl la responsab pou okenn depans ni chòk ki ta rive akòz konpòtman pitit mwen an. Mwen konnen tou ke tout vyolasyon kòd disiplin lekòl la ka lakòz yo mete l deyò nan ekip la. **Inisyal**_____
4. Mwen konprann ke li nesèsè pou pitit mwen an gen yon sètifika doktè kote doktè a di li ka patisipe nan chanpyona lekòl la pou mete nan dosye l avan l fè esè, antrene oswa jwe nan aktivite atlèt ant lekòl yo. Mwen dakò pou enfòmè lekòl la sou tout chanjman ki ta rive nan kondisyon medikal oswa fizik li, oswa ke yo ta dekouvri nenpòt lòt apre dat mwen siyen dokiman sa a. **Inisyal**_____
5. Mwen konprann ke patisipasyon l nan espò a gen risk pou l pran chòk, sitou nan kontak ak lòt jwè pandan espò. Men tip chòk li ka pran, men se pa sèlman sa yo, chòk nan tèt, chòk nan zo, kou, kolòn vètebral oswa ògan entèn. Mwen konnen risk ki genyen epi mwen dakò aksepte nèt tout risk ki genyen nan espò pitit mwen an ap patisipe. **Inisyal**_____
6. Mwen resevwa "Papye Enfòmasyon sou chòk nan tèt *Concussion Information Sheet*", epi mwen li l. Mwen dakò pou m byen li papye enfòmasyon an, epi m ap fè lekòl la konnen si gen nenpòt chanjman nan kondisyon medikal pitit mwen an. **Inisyal**_____
7. Mwen dakò pou manm estaf ki responsab ekip la aji onon mwen, epi pou m peye frè pou yo bay pitit mwen an swen medikal, si li ta pran chòk oswa si l ta malad. **Inisyal**_____
8. Mwen dakò pou m responsab voye tout ekipman lekòl la te ba li tounen. **Inisyal**_____
9. Mwen konprann, epi mwen bay pitit mwen an pèmision pou l pran mwayen transpò piblik poukont li oswa avèk moun ki akonpaye l nan otobis DOE apwouve pou fè ale-vini nan tout antrènman ak match. **Inisyal**_____
10. Ak siyati mwen mete la, m ap bay pèmision pou yo pran foto ak pou bay enfòmasyon sou pèfòmans pitit mwen nan aktivite PSAL, ansanm ak non li, lekòl li ye ak klas l ap fè pou mete sou sit wèb, www.PSAL.org dapre règleman ki tabli nan Règleman sou fason akseptab pou utilize entènèt. **Inisyal**_____
11. Mwen konprann ke enfòmasyon y ap afiche yo p ap gen enfòmasyon sou dosye akademik, konsèy, dosye pèmanan oswa tout dosye pitit mwen an (pa egzanzp, dosye nòt oswa dosye prezans.) Mwen konprann tou ke enfòmasyon yo pral afiche yo, p ap genyen lòt enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye pitit mwen an tankou adrès li, nimewo telefòn li oswa nimewo sekirite sosyal li. **Inisyal**_____
12. Ak siyati mwen mete la, m ap bay pèmision pou media a entèvyouwe, *videotape*, ak/oswa fotografye pitit mwen an jan yo toujou fè nan chanpyona atlèt PSAL. Ak siyati mwen mete la, m ap retire sou kont Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)*, ak moun ki reprezante l yo ak anplwaye l yo, tout kalite reklamasyon, demann, responsablite ki gen pou wè ak tout sa nou ekri pi wo a. **Inisyal**_____
13. Ak siyati mwen mete la, m ap retire sou kont NYCDOE, Vil Nouyòk, PSAL Vil Nouyòk, ak anplwaye ki travay kote sa yo tout reklamasyon, demann oswa aksyon devan lajistis ki ta ka gen pou wè avèk patisipasyon pitit mwen nan aktivite sa a, eksepte si kalite reklamasyon sa yo gen pou wè ak neglijan grav oswa move ajisman NYCDOE, Vil Nouyòk, PSAL Vil Nouyòk oswa anplwaye ki travay kote sa yo. **Inisyal**_____

Nan ka ijans, tanpri kontakte m nan : (____) _____ oswa (____) _____

_____/_____/_____
EKRI AK LÈT DETACHE – PARAN/GADYEN LEGAL SIYATI DAT

Mwen konstate ke papye doktè a bay elèv la ak paran l pou soumèt la akseptab.

_____/_____/_____
SIYATI PWOFESE/ANTRENÈ DAT